Ассаламу гІалайкум!

ЗахІмат бихьичІого, рахІат бокьарас,
БекьичІого,лъилъе,нилъ гьечІого,хур.
Инхоса ГІали-хІажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 29 (6865) 24 июль 2023 с. Итни МухІарам 1445 с. Багьа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГІУМРУ

## Школал къачІаялъул халгъабуна

### 11 цІалул идара цІигьабулеб буго

**Бакълъул мухъалъул бетІер Гъалип Гъалиповас араб анкьалъ халгъабуна**



**МелъелтІа росдал цІалул идарабазда капиталияб ремонт гъабиялъул. Гьедин, гьев щвана МелъелтІа росдал Чалаби МухІамадовасул цІар кьураб гьоркьохъеб школалде ва Сахрат МухІамадовасул цІаралда бугеб аслияб цІалул идараялде.**

КІиябго школа бергъана Россиялъул нухмалъулев Владимир Владимирович Путинил жигаралдалъун гІумруялде бахъинабулеб федералияб школал къачІаялъул программаялъул конкурсалда.

МелъелтІа росдал гьоркьохъеб лъабтІалаяб школа цІилъулеб буго. Школазул тІох, къадал ва гь.ц. къачІалел руго. РагІалде рахъинарулел руго цогидал хІалтІабиги. Гъалип Гъалиповас лъазабуна цІияб цІалул сон байбихьилелде хІалтІаби лъугІизареян.

Районалъул нухмалъулесда цадахъ школазде щвана Бакълъул мухъалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев



ХІассан ГІалихІажиев, архитектураялъул, бакІал раялъул ва ЖКХялъул идараялъул нухмалъулев ХІажимурад АхІмаднабиев, капиталияб ремонт гъабизе тІаде босарал идарабазул вакилзаби ва цогидал.

Гъединго районалъул бетІерас халгъабуна Ингишо, ЛъаратІа ва цогидал росабалъ къватІал, школал къачІаялъул.

**«Гумбет» информациялъул гІуцІи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## «Дир Дагъистан – дир нухал»

### Программаби гІужда ва лъикІ рагІалде рахъинари – гІумрудул шартІал лъикІлъи

**Районалъул киналго рахъал церетІезе квербакъулел гІахьаллъи гьабуна районалъул бетІерасул заместителал**



**проектал муниципалитеталда гІумруялде рахъинариялъул суалал гьоркьор лъураб данделъи тІобитІана Гъалип Гъалиповас араб анкьалъул талат къоялъ. Гьенир ГІалихан ДавудхІажиевас, МухтарахІмад АхІмадовас, федералиял, регионалиял ва бакІалъулал идарабазул вакилзабаз.**

Бакълъул мухъалда 11 школалда капиталияб ремонт гьабулеб буго, гьел хІалтІаби гьариялъе харж гьабун буго 160 миллионалдасаги цІикІкІун гъурущ. Гьединго муниципалитеталда нухдаинабулеб буго «Дир Дагъистан –



дир нухал» абураб проект, Россиялъул регионал тІабигІияб газалдалъун хъезариялъул кІвар бугел программабиги.

Бакълъулазул бетІер Гъалип Гъалиповас баян гьабуна гьел ва цогидал программаби гІужда ва лъикІ рагІалде рахъинариялда бараб букІин бакълъулазул гІумрудул шартІал лъикІлъи.

**«Гумбет» информациялъул гІуцІи**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**СВОялъул гІахьалчагІи Расул МухІамадовгун ва МухІамадшарип Абакаровгун дандчІвана бакълъулазул тІалъи**

- 2 гьум.



**55 сон барав УхІума МухІамадовас цІидасанги Россиялъул Минобороныялъулгун къотІи хъвана**

- 2 гьум.



**Шамил Насрулаев ва Шамил ХІажимурадов ракІалдещвеялъул эркенаб гугариялъул рахъалъ турнир тІобитІана**

- 3 гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГІУМРУ

# СВОялъул гІахьалчагІи Расул МухІамадовгун ва МухІамадшарип Абакаровгун дандчІвана бакълъулазул тІалъи

## ВатІан цІунулезе кумек гьабулеб буго

**Хасаб операциялъул гІахьалчи, МелъелтІа росулъа рагъухъан Расул МухІамадовгун дандчІвана Бакълъул мухъалъул нухмалъулев Гъалип Гъалипов. Районалъул бетІерас МухІамадовасда гьикъана фронталда тІадеги кумек гьабизе хІажат бугищан. Гъалиповасул рагІабазда рекъон, нахъеги бажарараб гьабизе буго бергьенлъи гІагар гьабизе.**



Бакълъул районалъул тІалъиялъ хІаракат бахъулеб буго хасаб рагъулаб операциялъул гІахьалчагІазе ва гьезул хьизаназе кумек гьабизе. Жиндиего бокьун СВОялде арав Расул МухІамадовасул рокъобе лъим бачІинабиялъул суал тІубана мелъелдерил бегавул МухІамад ГІабдунасировас. ВатІан цІунулезул ва гьезул хьизан-агълуялъул суалал тІурай районалъул бетІер Гъалип Гъалиповасул хъаравуллъиялда руго.

Данделъиялда гъединго гІахьаллъи гьабуна Бакълъул районалъул нухмалъулесул заместителал ГІалихан ДавудхІажиевас, МухтарахІмад АхІмадовас, Дагъистаналъул жамгІияб палатаялъул гІахьалчи МухІамадрасул Сулеймановас, идарабазул нухмалъулез ва цогидаз.

Гъединго Расул МухІамадов къабул гъавуна «Гумбет» басмаялъул бетІерав редактор, Российялъул журналистазул, Дагъистаналъул Хъвадару-хъабазул гІуцІабазул гІахьалчи ХІамзат ГІизудиновас. СВОялъул рагъухъанасе ГІизудиновас сайгъат гьабуна жиндирго тІехь. Журналистазулгун гъабураб гара-чІвариялда Расулица бицана фронталда бугеб ахІвал-хІалалъул.



МухІамадовас баркала загьир гьабуна Бакълъул районалъул тІалъиялъе ва журналистазе, ракьцоязе лъикІаб бербалагьиялъухъ, гьабураб кумекалъухъ.

Бакълъул районалъул администрациялъул нухмалъулесул заместитель МухтарахІмад АхІмадов дандчІвана СВОялъул гІахьалчи МухІамадшарип Абакаровгун. Гьевги, Расул МухІамадовго гІадин, отпускалъ вачІун вуго. Гьесул гьари буго хьизан хІалтІудалъун хьезаеян. МухтарахІмад АхІмадовасул рагІабазда рекъон, хасаб операциялъул гІахьалчагІазул суалал тІурай аслиял суалазул цояб буго. Гьедин, МухІамадшарипил эбел УмарагІин ГІисаевалъе Игъали росдал больницаялда хІалтІи кьуна. Гьесул хьизаналъе хІалтІи балагьиялъул суалги Мухтар АхІмадовас жиндирго хъаравуллъиялде босана.



Данделъиялда гъединго гІахьаллъана бакълъулазул маданияталъул ва библиотекаялъул хъулухъ гьабиялъул идараялъул нухмалъулев Муса КъурамухІамадов, Игъали росдал бегавуласул заместитель Сулейман Сулейманов, росдал хІаракатчагІи ва цогидал.

МухІамадшарип Абакаровасул хьизаналъе социалияб контракталда рекъон 350 000 гъурущги щвана. Бакълъул районалъул бетІер Гъалип Гъалиповас СВОялъул рагъухъабазул хьизаназул рукІа-рахъин лъикІлъизабиялде ва цогидал суалал тІураялде кІвар буссинабун буго.

**«Гумбет» информациялъул гІуцІи**

БАКЪЛЪУЛАЛ ХАСАБ ОПЕРАЦИЯЛДА

# 55 сон барав УхІума МухІамадовас цІидасанги Российялъул Минобороныялъулгун къотІи хъвана

**Бакълъул районалъул Игъали росулъа 55 сон барав УхІума МухІамадовас Российялъул Минобороныялъулгун цоги лъагІелалъ контракт хъвана ва СВОялде ана. Улкаялъул нухмалъулес цере лъурал рагъулал масъалаби тІуралел рукІана гьес ДНРялда. ЧанцІулго тІагІинабуна тушманасул чІагояб къуват ва теххника. Дивизиялда гьев вукІана бищун санада кІудияв.**

УхІума гІуна лъимал гІемераб хьизамалда, гьесул бахІарчияй эбелалъ ГІабдулкъасум МухІамадовасда цадахъ гІезаруна 10 лъимер. Гьесул гьитІинав вац Ибрагьимдибирги хасаб операциялъул гІахьалчи ккола. СВОялъул рагъухъабазул эбелалъ гІумру тІами гьабулеб буго Бакълъул районалъул ЦІаналъ росулъ.

Гьарула УхІума МухІамадовасе ва цогидал спецоперациялда ругел ракьцоязе щулияб сахлъигун халатаб гІумру, бергьенлъигун тІадруссаги.

**«Гумбет» информациялъул гІуцІи**

ЧІАХЪАГИ МАГІАРУЛАЛ

# Нижер даимав гьобол

**Нижехъе редакциялде рачІуна батІи-батІияб къисматалъулги, миллаталъулги гІадамал, гІумру бихьарал харабиги, гІумруялъул байбихьуда ругел гІолилалги. Гьединазда гьоркьов нижехъе редакциялде гІемер щола газетаги цІалулев, гьездаса пайдаги босулев, 85 сон гІумруялъул букІаниги жеги гІолохъанлъиялъул цІаги свинчІев, лъикІаб чІаголъиялдаги вугев Бакълъул районалъул ТІад Инхо росулъ гьавурав ГІалихІажи Мусаевич ГІабасов.**



Иргадулаб нухалда редакциялде вачІарав гьесулгун букІараб гара-чІвариялда ГІалихІажица бицана, жив кколила ТІад Инхоса кІудияв гІалимчи ГІали-хІажил вас Мусал ясалъул вас, 1938 соналъ гьавурав, кІудияв инсул цІар лъурав.

«Дир кІудияв эмен Инхоса ГІали-хІажиясул ХІамзат абурав вас вукІун вуго Бабаюрт росулъ, лъарагІ миллаталъул гІаданги ячун гьенив чІарав, - ан бицана ГІалихІажица. - Гьев васасухъеги щун, тІадвусун рокъове вачІунев ГІали-хІажи, гьава-бакъалъул хиса-басиялде ккун, тІубараб анкьалъ хутІун вуго Индиреялда. Гьес какие чурулебги как балеб къагІидаги, тІагІатгІибадаталда тІадчІеги бихьарав, гьев гьоболлъухъ вукІарав лъарагІас гьеб бихьизе ахІула росдал гІадамал.

Живги жиндир гІелмулъайги бихьизабизе бокьуларев, рияалдаса хІинкъарав чиги вукІун вуго ГІалихІажи. БачІинахъего жив вихьизе рачІунел гІадамазул мурадалда хадув гъарав гьев, цо цІулал хьвалхьенги кодобе босун, пандур киниги гьеб хьвазе лъугьун вуго. Гьев тохав чи вугилан гІадамалги нахъе ун руго. Кинниги, хадуб гьезда лъан буго гьев бергьарав гІалимчи вукІин. Цинги хадурги ун, гІемераб гьара-цІали гьабун буго жидее дибирлъи гьабизе вачІаян. Кинго гьел тІаса ричІичІелъул, разилъун вуго. 17 соналъ имамлъи гьабун буго гьес гьеб росдае.

Бицен буго хІежалде арав ГІали-хІажи Шамил имамгун дандчІванилан. Цо данделъиялда цо-цояз гьарурал кІалъаязда хадуб, имамас абула ГІали-хІажида дуцаги цо нилъерго гьунар бихьизабейилан. Гьес МухІамад аварагасде (с.т.гІ.в) гьабураб назму цІалараб мехалъ магІу кквезе кІолев чи вукІинчІилан абула.

ГІали-хІажиясе къадар ккун буго 1888-абилеб соналъ, вукъун вуго Индиреялда. Гьесул хоб буго зияраталъ гІадамал хьвадулеб бакІлъун.

Дир кІудияв вац, инсул цІар лъурав Муса, хІалтІулев вукІана Авартеатралда. Гьев кколаан тІоцевесев Дагъистаналъул мустахІикъав артист. Гьев вукІана махщел камилав, киназего вокьулев артист. МагІарул театралде магІарулин абичІого, абулеб букІана Мусал театрилан.

Гьоркьохъев вац Мухтар вукІана росдал маданияталъул рукъалъул директорлъун, хІалтІана районалъул маданияталъул директорлъунги. Гьев вукІана кепаб хабаралъул чи, гьединлъидал, гьесда абулеб букІун буго Малла Насрудинилан.

Дун армиялдаса тІадвуссун хадуб, запасалда вугев офицер хІисабалда, бокьун букІана милициялде хІалтІизе лъугьине. Цин Хасавюрталде витІун, Хасавюрталдаса нахъеги МахІачхъалаялде витІун, заман халат бахъинабиялъ дун хІалтІизе лъугьана профессионалиябгун техникаялъулаб училищеялде тарбиячилъун.

Гьенив директорлъун вукІана ГІабас Турачович абулев магІарул миллаталъул чи. Дагъаб мехалъги хІалтІун нахъе ине бокьарав дун, гьес виччалев вукІинчІо, хІалтІухъабазе бан лъугІулеб рукъги бугила гьениб квартираги кьелилан. Буртунай росулъа дирго лъикІав гьудул Апандица хІадурабго квартира бугила, лъикІаб хІалтІиги бугилан течІого, дун вачана транснефталде хІалтІизе, рагъулаб гІадлу-низам цІунулеб хъаравуллъиялъул начальниклъун. Гьенив хІалтІана дун пенсиялде инегІан. Гьениб ракІбацІцІадго гьабураб хІалтІухъ дун цо чанго нухалда кІодо гьавуна баркалаялъул кагътаздалъунги шапакъатаздалъунги.

БукІана цо заман, начальникас дида дандбачІого хІалтІуде чи восулареб. Кинаб букІаниги хІалтІи гьабизе ккани, дир пикру цІехолан, щайилан абуни, гьесда лъалаан дун рекІкІ гьечІев, къучІаб рагІул чи вукІин.

ЦІар лъурасул гІелму босичІониги, нижер хьизан гьесул бараката цІунараллъун, хьихьараллъун руго. Нижеца чияр боцІи-мал ккун магІишат гьабичІо, хІалалаб, бацІцІадаб гуреб тІалаб гьабичІо, чиясул ракІ холеб, чи инжит гьавулеб рагІиги абичІо. Дир эбел ГІашат йикІана цІакъ диналда тІадчІарай гІадан. Гьелъие къадар ккана зияраталде унаго авариялде ккун».

Гьединаб гара-чІвари букІана дирги кІудияв гІалимчи Инхоса ГІали-хІажиясул вас Мусал ясалъул вас ГІалихІажилги. Аллагьас жеги щулияб сахлъиги сахаватлъиги кьеги гьесие.

**Ниязбег Алмахъский**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Шамил Насрулаев ва Шамил ХIажимурадов ракIалдещвеялъул эркенаб гугариялъул рахъалъ турнир тIобитIана

### Калугаялъул областалдаса спортсменалги гIахьаллъана

**Украиналда тIобитIараб хасаб операциялдаса тIадруссинчIел ракIалдещвеялъул ТIолгороссиялъулаб эркенаб гугариялъул рахъалъ турнир тIобитIана Бакълъул районалъул МелъелтIа росулъ. Спортивияб тадбиралъул гIахьалчагIаз ракIалде щвезаруна Бихьинчилъиялъул орденалъе мустахIикълъарав ДРялда бугеб РФялъул Росгвардиялъул «Ястреб – Каспий» Управлениялъул майор Шамил Насрулаев ва кIудияв лейтенант Шамил ХIажимурадов. ВатIан цIунулаго, гIумруялдаса ратIалъана гьел.**




Турнир рагьиялъулъ ва бергьаразе шапакъатал кьеялъулъ гIахьаллъи гьабуна Бакълъул районалъул бетIерасул заместитель ГIалихан ДавудхIажиевас, МелъелтIа росдал бегавул МухIамад ГIабдунасировас, спортшколалъул директор Барти Астемировас, СВОялдаса тIадвуссинчIев Шамил Насрулаевасул вац МухIамадхIабиб Насрулаевас, Шамил ХIажимурадовасул вац Муса ХIажимурадовас ва цогидаз.

18 кг цIайиялда чемпионлъун вахъана ГIабдула Арсланбегов. Къецазулъ гьединго бергьенлъи босана Рамазан Халидовас (24 кг), СагIид Халидовас (29 кг), Аюб ГIабдурахIмановас (33 кг), МухIамадрасул МухIамадовас (35 кг), ГIабдухаликъ Амагаевас (41 кг), Салман Арсланбеговас (57 кг), УзунхIажи Насрулаевас (68 кг).




Калугаялъул областалдаса турниралда гIахьаллъаразда гьоркьор тIоцересел бакIал росана Алмаз Кашириница (65 кг), Петр Полюхица (48 кг), Дима Межинскияс (52 кг), Сергей Никитенкоца (44 кг).

Обнинск шагьаралдаса гугарухъаби Александр Ситовги (80 кг), Роман Поншаровги (74 кг), Алексей Килосовскийги (48 кг) мустахIикълъана бергьенлъиялъе. ТIоцересел бакIал росарал ва къиматал бакIал щварал кIодо гьаруна кубоказдалъун, грамотабаздалъун ва сайгъатаздалъун.



ДРялъул МелъелтIа росулъ бугеб спортивияб школалъул директор Барти Астемировас баркала загьир гьабуна Бакълъул мухъалъул бетIер Гъалип Гъалиповасе турниралъул 38 гIахьалчи жанир рукIине интерналъул бакI чIобого кьуралъухъ.

Турниралъул чемпионлъул вахъарав УзунхIажи Насрулаев ккола СВОялдаса тIадвуссинчIев Шамил Насрулаевасул вас. Хасаб рагъулаб операциялда бахIарчиго рагъарал Шамил ХIажимурадовасул ва Шамил Насрулаевасул цIарал МелъелтIа росдал къватIазе кьун руго.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ - ЗДОРОВЫЙ ДУХ

# Первая помощь при ожогах

1) **Первая помощь пострадавшим от ожогов должна оказываться сразу, уже на месте происшествия и начинается с прекращения действия термического агента и выноса (выведения) пораженного из очага пожара. Никакие манипуляции на ожоговых ранах при этом не проводятся. Нельзя прокалывать и удалять пузыри, отделять приставшие предметы (одежду, битум, брызги металла, пластика и т.д.). Прилипшую одежду нельзя отрывать от обожженной поверхности, лучше ее отрезать вокруг раны.**

2) Вызвать скорую медицинскую помощь (112 или 103).

3) Немедленное, не позднее 10-15 минут после травмы, охлаждение обожженной поверхности сокращает время перегревания тканей, препятствуя распространению действия термического агента на глубже лежащие ткани. Охлаждение уменьшает отек и снимает боль, оказывает благоприятное влияние на дальнейшее заживление ожоговых ран, предупреждая углубление повреждения. Охлаждение не должно задерживать транспортировку пострадавшего в стационар.

4)При локальных ожогах до 10% поверхности тела необходимо охлаждение поврежденных участков кожи не менее 15-20 минут путем орошения или погружения их в холодную воду, использования холодных предметов или специальных охлаждающих гелей. Лед использовать нежелательно, лучше охлаждать под душем или под проточной водой, направляя струю на ожоговую поверхность и подбирая температуру воды таким образом, чтобы пациент ощущал местное облегчение. Идеальная температура воды для охлаждения 15 С. Цель – охладить ожоговую рану, а не пациента. Необходимо уделять особое внимание риску переохлаждения. Поэтому при обширных ожогах охлаждение проводить не рекомендуется.

5) При ожогах горячей смолой, гудроном или асфальтом рекомендуется промывание холодной водой для охлаждения. В дальнейшем с целью их размягчения и удаления используют минеральное масло (например, вазелиновую мазь), растительное или сливочное масло.

6) При химических поражениях кожи необходимо осторожно удалить одежду и порошковые химические вещества с поверхности тела. Чтобы оказывающий помощь сам не получил ожог возможно применение средств защиты (перчатки, защитная одежда, противогаз и т.д.). Нельзя тереть пораженный участок кожи салфетками, смоченными водой. Все, за некоторым исключением химические ожоги следует промыть большим количеством проточной воды не менее 30-40 мин. На этапе первой врачебной помощи при необходимости – дополнительное промывание водой. Антидоты и нейтрализующие жидкости при химических ожогах применять не рекомендуется.

7) Неотложная помощь пострадавшему от электротравмы – быстрое прекращение действия электрического тока. Сразу после устранения воздействия тока при наличии у пострадавшего признаков клинической смерти непосредственно на месте происшествия проводятся реанимационные мероприятия. При признаках общей электротравмы показана госпитализация в стационар независимо от объема поражения и состояния пострадавшего. Эвакуировать пострадавших с общей электротравмой следует в лежачем положении, так как возможны нарушения сердечной деятельности. Больные с общей электротравмой без локальных поражений при удовлетворительном состоянии госпитализируются на срок не менее 3 дней. В обязательном порядке у всех пострадавших проводится ЭКГ мониторинг.

**ОНД и ПР №15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам**

СТРАНА ГОР

# Правительство Дагестана контролирует ход рекультивации несанкционированной свалки в Каспийске

**Процесс рекультивации несанкционированной свалки в городе Каспийске рассмотрели под руководством заместителя Председателя Правительства РД Наримана Абдулмуталибова, сообщает РИА «Дагестан».**

Вице-премьер проинформировал, что в рамках федерального проекта «Чистая страна» нацпроекта «Экология» в регионе в этом году рекультивируется 4 несанкционированные свалки, расположенные на территории городов Хасавюрт, Буйнакск, Южно-Сухокумск и Каспийск.

«В ходе рекультивации несанкционированной свалки в Каспийске исполнитель работ столкнулся с некоторыми проблемами. Неустановленными лицами ведется отсыпка территории, соприкасающейся с северной стороны с территорией рекультивируемой свалки коммунальными, строительными и иловыми отходами. Помимо этого, есть и другие проблемы.

Сегодня мы должны решить, что будем делать для исключения угрозы срыва сроков реализации федерального проекта на территории Каспийска», - сказал Абдулмуталибов.

**РИО «Гумбет»**

# Туристский маршрут «Легенды Дагестана» признан национальным

**Заседание экспертного совета по определению национальных туристских маршрутов под руководством замминистра экономического развития РФ Дмитрия Вахрукова и исполнительного директора АТОР Майи Ломидзе прошло в Минэкономразвития России.**



Об этом сообщает официальный сайт Минтуризма РД. Всего было презентовано пять проектов турмаршрутов, которые прошли экспертизу. Так, туристскому маршруту «Легенды Дагестана» присвоили статус национального.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

## Самовольное подключение к сетям газоснабжения уголовно наказуемо

**Газ – это ресурс, представленный источником высокой опасности, поэтому все действия, выполняемые с**



**разным газовым оборудованием, должны совершаться исключительно опытными профессионалами. Сюда относится не только подключение к газовым сетям, но и даже монтаж или демонтаж газовой плиты.**

Владельцы частных домов желают экономить на коммунальных услугах, для чего предпочитают самостоятельно подключаться к газовой магистрали, поэтому не составляется договор с газовой службой. В этом случае назначается штраф за незаконную врезку газа, причем такая мера наказания применяется при подключении к газовым сетям без заключения договора с поставщиком газа.

Часто такие нарушения встречаются при газификации частного дома. Штраф за самовольное подключение газа и другие действия, связанные с газовым оборудованием и являющиеся нарушением законодательства, назначается в достаточно значительном размере.

В случае выявления случаев самовольного подключения газоиспользующего оборудования нарушители привлекаются к административной и уголовной ответственности. Виновному в совершении административного правонарушения по ст. 7.19 КоАП РФ назначается наказание в виде административного штрафа. В случае квалификации хищения газа как уголовного деяния, виновное лицо может быть привлечено к уголовной ответственности по ст. 158 УК РФ, которая предусматривает наказание от штрафа свыше 100 000 рублей до лишения свободы на срок до 6 лет. Доначисление платы за газ в этом случае будет произведено исходя из объемов газа, рассчитанных как произведение мощности несанкционированно подключенного оборудования и его круглосуточной работы за период начиная с даты осуществления несанкционированного подключения.

Напомним также, что в августе 2018 года вступили в силу изменения в ст. 215.3 Уголовного кодекса Российской Федерации, которыми вводится уголовная ответственность за повторные самовольные подключения к газопроводам. Так лицу, ранее подвергнутому административному наказанию по ст. 7.19 Кодекса об административных правонарушениях Российской Федерации, грозит штраф в размере до 80 тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода виновного за период до 6 месяцев, либо обязательные работы на срок до 360 часов, либо исправительные работы на срок до 1 года, либо ограничение свободы на срок до 2 лет, либо принудительные работы на срок до 2 лет, либо лишение свободы на срок до 2 лет.

Если же в результате самовольного подключения к газопроводу произошла авария, повлекшая за собой смерть человека или иные тяжкие последствия, виновнику грозят принудительные работы на срок до 5 лет или лишение свободы на срок до 8 лет. Если помимо самовольного подключения к газопроводу выявляется факт хищения газа из него, то такие деяния квалифицируются по совокупности преступлений, предусмотренных п. «б» ч.3 ст.158 УК РФ и ст. 215.5 УК РФ.

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## Сергей Меликов поблагодарил главу Гумбета Галипа Галипова за проведение весеннего призыва на высоком уровне

**20 июля Глава Дагестана Сергей Меликов провёл совещание, посвящённое подведению итогов весенней призывной кампании 2023 года.**




Военный комиссар Дагестана Дайтбег Мустафаев среди муниципалитетов, которые показали отличный результат в ходе призыва, перечислил и Гумбетовский район. Глава РД Сергей Меликов поблагодарил глав отличившихся муниципалитетов за добросовестную работу, благодарности удостоились и глава Гумбетовского района Галип Галипов (https://t.me/agiprd/8529). Гумбет перевыполнил план весеннего призывной кампании.

СМИ Гумбета развернули масштабную информационную работу по призыву. Вышли публикации о каждом призывнике, о проводах защитников Отечества на службу, об их успехах в армии. К примеру, новобранец из села Читль Магомед Гамидов стал чемпионом Башкирии по гиревому спорту среди военнослужащих (https://t.me/OnlineDagestan/7154). Пожелаем нашим защитникам Родины легкой службы!

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## Строительные и ЖКХ технологии Дагестана ждут на площадке UtiliCon

**Дагестан демонстрирует позитивную динамику экономического развития, регион стал лидером в СКФО по темпам реализации федеральной модели социально-экономического развития региона, сообщает пресс-служба Минстроя РД.**



В текущем году строители и коммунальщики региона намереваются обеспечить реконструкцию и ввод в эксплуатацию свыше 30 крупных объектов коммунальной инфраструктуры.

Отмечается, что узнать о том, как сходные задачи решают коллеги в других регионах, подобрать лучшие инструменты и технологии для своей работы, поделиться собственными технологиями и планами развития, заключить перспективные соглашения строители и коммунальщики Дагестана смогут, приняв участие в международной выставке жилищно-коммунального хозяйства и строительного комплекса UtiliCon.

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## Предприниматели РД приглашаются к участию во второй национальной премии «Горы России»

**Премия проводится в целях развития горнолыжного туризма в России, а также продвижения культуры активного отдыха в горах.**

Об этом сообщает официальный сайт Минтуризма РД. Как отмечается, регистрация участников премии проводится самостоятельно на платформе www.нашигоры.рф.

**РИО «Гумбет»**

БетІерав редактор: ХІамзат МухІамадович ГІизудинов
телефон: 26-254
Газета гІуцІаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтІа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГІабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухІамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухІамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахІачхъала, Петр ТІоцевесесул къватІ, 61

Газета къватІибе бачІунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цІаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватІибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хІакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.